दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–27.04.2025

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जोर दऽकऽ कहलनि अछि जे पहलगाम आतंकी हमलाक दोषी आ एकर साजिश करयवला के कठोरतम जवाब देल जायत। आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश के संबोधित करैत श्री मोदी एहि मासक बाईस तारीख के पहलगाम मे भेल आतंकी हमला पर दुख व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे ई हमला आतंकवादक आका के हताशपन आ कायरता के दर्शबैत अछि। ओ कहलनि जे कश्मीर मे शांति के घूरब, लोकतंत्र के मजगूत होयब आ पर्यटकक संख्या मे रिकॉर्ड वृद्धि भारत आ जम्मू–कश्मीरक दुश्मन के रास नहि आबि रहल छल। श्री मोदी कहलनि जे आतंकवादी आ आंतकक आका कश्मीर के फेर सँ तबाह करबाक ई साजिश रचलक। प्रधानमंत्री कहलनि जे आतंकवादक विरूद्ध एहि लड़ाई मे सभ सँ पैघ ताकत देशक एकता आ एक सय चालीस करोड़ भारतीय के एकजुटता अछि। प्रधानमंत्री पीड़ित परिवार के भरोसा देलनि जे हुनका न्याय भेटत।

---

मन की बात मे प्रधानमंत्री डॉक्टर के. कसतूरीरंगन के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओ कहलनि जे देश सँ एक महान वैज्ञानिक विदा भऽ गेलाह। प्रधानमंत्री अप्रील मे आर्यभट्ट उपग्रहक प्रक्षेपणक पचास वर्ष पूरा हेबा पर प्रसंनता व्यक्त कयलनि। श्री मोदी प्राकृतिक आपदा सँ निपटय मे जागरूकताक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। ओ कहलनि जे आब बाढ़ि, चक्रवात, भूस्खलन, सुनामी, जंगल मे आगि आ हिमस्खलन एहन प्राकृतिक आपदाक स्थिति मे लोक अपन मोबाईल पर सचेत ऐपक मददि सँ सहायता लऽ सकैत छथि। राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण द्वारा विकसित एहि ऐप मे क्षेत्रीय भाषा मे सेहो सूचना उपलब्ध अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे पांच जून के विश्व पर्यावरण दिवस पर एक पेड़ माँ के नाम अभियानक एक वर्ष पूरा भऽ जायत। श्री मोदी देशवासी सँ एहि अभियान मे सम्मिलित हेबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री उन्नैस सय सतरह मे महात्मा गांधी के नेतृत्व मे भेल चंपारण सत्याग्रहक आ नीलक खेतीक चर्चा सेहो कयलनि। ओ कहलनि जे बापू सत्याग्रहक भारत मे पहिल पैघ प्रयोग कयने छलाह आ अंग्रेजी हुकूमत हिल गेल छल। प्रधानमंत्री कहलनि जे दस मई के प्रथम स्वतंत्रता संग्रामक वर्षगांठ मनाओल जायत। श्री मोदी कहलनि जे देश के अपन स्वतंत्रता सेनानीक अमर प्रेरणा के जीवित करबाक अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉंपलेक्स मे खेलो इंडिया यूथ गेम्स दू हजार पच्चीसक आयोजन के लऽकऽ कयल जा रहल तैयारीक निरीक्षण कयलनि। ओ अधिकारी लोकनि के गुणवत्ताक संग काज के समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री चारि मई के उद्घाटन समारोह मे प्रदर्शित कयल जायवला विश्वक सभ सँ पैघ मधुबनी पेंटिंगक अवलोकन सेहो कयलनि। हुनका मधुबनी पेंटिंग लेल गिनीज वर्ल्ड रिकॉर्डक प्रमाण–पत्र आ सिंगिंग बॉलक संग पौने चारि सय बाल लामा द्वारा प्रदर्शनक विश्व रिकॉर्ड प्रमाण–पत्र सेहो सौंपल गेल।

———————————————————————

दरभंगा मे आइ अखिल भारतीय मैथिल महासभाक आयोजन शुरू भेल। कमेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक कुलपति प्रोफेसर लक्ष्मीनिवास पांडेयक अध्यक्षता मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे विभिन्न पंचांगक पंचांगकार सहित आनो विद्वान भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————

पटना जिलाक दानापुर नासरीगंज घाट लऽग बालू लादल एक नाव गंगा नदी मे डूबि गेल। एहि दुर्घटना मे दू गोटे लापता छथि। जखनकि पांच गोटे के सुरक्षित रूप सँ बाहर निकालि लेल गेल अछि। गोताखोरक टीम तलाश अभियान मे लागल अछि।

———————————————————————

राज्यक विभिन्न भाग मे पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय भेला सँ मौसम बदलि गेल अछि। मौसम विभाग आइ पटना, सीवान, गोपालगंज, शिवहर, मधुबनी, सीतामढ़ी,

मुजफ्फरपुर समेत प्रदेशक पच्चीस जिला मे कतेको ठाम अन्हर, बरखा आ ओलावृष्टि के लऽकऽ रेड अलर्ट जारी कयने अछि। ओतहि, दरभंगा आ समस्तीपुर समेत नओ जिला लेल ऑरेंज अलर्ट जखनकि किछु स्थान लेल येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग एहि क्रम मे लोक सभ के सावधान रहबाक सलाह देलक अछि। विभाग अपन परामर्श मे कहलक अछि जे मौसम खराब हेबा काल अनावश्यक रूप सँ खुलल मे नहि रही आ ठनकाक स्थिति मे सुरक्षित स्थान पर शरण ली।

———————————————————

समाप्त